Соколёнок

# Лачен

6/2014

ноябрь - декабрь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# БАРКИЯЛ

**МахIачхъала шагьар, Буйнакскиялъул къватI, Хъвадарухъабазул союз, МухIамад АхIмадовасухъе.**

**Дун ккола Шамил районалъул Зивуриб росулъа ХIусейнова Муъминат «Лачен» журналалдасан дида лъана исана нужер юбилей букIин. Гьединлъидал, хIурматияв МухIамад АхIмадов, дица нилъер киналго Дагъистаналъул хъвадарухъабазда ракI-ракIалъ баркула гьеб гьайбатаб байрам. Гьарула жеги гIакъилал тIахьалги хъван, магIарулал рохизаризе нужее пагьмуги пасихIлъиги.**

*Саламгун ХIусенова Муъминат.*

## ХIурматияв АхIмадил МухIамад!

**Араб 80-го соналда жаниб Дагъистан дунялалдаго рагIизабизелъун гIемераб хIалтIи гьабуна жакъа дуца нухмалъи гьабулеб Хъвадарухъабазул союзалъ. Гьеб хIурматияб ишалъулъ цебесеб кьерда рукIана «Андрей ТIоцевесесул» орденал щварал Расул ХIамзатов ва Фазу ГIалиева. Гьездаго цадахъ рукIана АхIмадхан Абу-Бакар, Муса МухIамадов ва цогидалги. Нилъедаса ратIалъаразе ахират лъикIаб кьун батаги, дугIаги гьабулаго, жакъаги хъвадарухъабазе гьарула дица сахлъи, рохел ва халатаб гIумру.**

***Буйнакс районалъул ЧIикIаб росдал***
***ГIумаровасул цIаралда бугеб лицеялъул директор***
***МухIамад Бартиханов***

* * *

**Ниж, Гъизилюрт шагьаралъул «ЦIадаса хIамзатил цIаралда бугеб школалъул цIалдохъабаз, магIарул хъвадарухъабазда ракI-ракIалъ баркула нужер юбилей. Нижеца гьираялда цIалула: МухIамад АхIмадовасул, МухIамад Хириясулаевасул, МухIамад ПатахIовасул ва цогидалги асарал. Ниж рохарал руго гьаб интеллингенциялъе захIматаб заманаялда умумуз бакараб адабияталъул цIадул кунчIи свине течIого, хадусел наслабазе ирсалъе кьезе гьеб цIунулел чагIилъун нуж ратиялдаса.**

* * *

**ХIурматиял магIарул хъвадарухъаби: МухIамад АхIмадов, МухIамад ПатахIов, МахсутI ЗайнулгIабидов ва цогидалги, баркула нужеда Хъвадарухъабазул союзалъул юбилей! Нижеца нужее гьарула гIемераб рохел.**

*Гьонода росдал цIалдохъаби.*

## Нижеее хирияб «Лачен» журналалъул хIалтIухъаби!

**Баркула нужеда Дагъистаналъул адабияталъул байрам. Нужер журналалъ кIудияб хIалтIи гьабулеб буго хъвадарухъабаз гьитIичазе хъварал асарал магIарул лъималазухъе гIужда щвеялъе гIоло.**

*Баркигун ва баркалагун БакьагьечIиса цIалдохъаби.*




МухІамад Гъазиев гьавуна Хунзахъ районалъул ТІануси росулъ. ГІагараб росдал школа лъугІизабидал цІалана Дагъистаналъул пачалихъалъулаб университеталда. Хадув дагьабго мехалъ мугІалимлъунги хІалтІун нахъойги цІализе лъугьана Москваялъул Литературияб институталде. МухІамадица, аслияб къагІидаялъ, хъвала лъималазе кучІдул. МагІарул ва гІурус мацІазда басмаялда бахъана чанго тІехь.






Сардица къулчІана къоялъул гвангъи,
Къо-мех лъикІан абун ана багІарбакъ.
Нахъеги гьуинаб макьуги кІочон,
Мун сундул хиялалъ, хирияй эбел?

Дуда бихьулеб щиб, дуда лъараб щиб,
ЛъугІел-ахир гьечІел ургъелазул лагъ?
Араб мехищ дуда ракІалде щолеб,
РикІкІад вугев васищ цеве тІамулев?

Дун абуни вуго, цевего гІадин,
ГІащикъал хурдузул махІазухъ къечон,
Магъилъа мун щолел сагІтал рикІкІунеб
РакІалде бачІуна дирго лъимерлъи.

ЛъугІулареб хинлъи каранда тарай,
ТалихІав вуго дун мун йикІун, эбел.
Амма дуде ургъел рещтІараб мехалъ,
РахІат дийги гьечІо, рагІулищ дуда?

Дунялалъул рокъоб бакъищ, гIазуйищ
Дур гIакъилал бераз бицуна дида.
Бице, эбел, дие согIав ханасул
Гъалал меседилай ясалъул маргъа…

Сардица къулчIана къоялъул гвангъи,
Къо-мех лъикIан абун ана багIарбакъ.
Нахъеги, гьуинаб макьуги кIочон,
Мун сундул хиялалъ, хирияй эбел?

# Кваназе вачIун вуго



Нижеца, радал рахъун,
Бухъана тIолабго ах,
Инсуца охцер чIана,
Эбелалъ пер бекьана.

ГIалица, Надирица
Лъалъазе лъим баччана.
Басир, къватIиве вахъун,
Вухъаризе лъугьинчIо.

ХIалтIи лъугIараб лъайгун
ВачIана гьав ахикье.
Къвалакь кверги ккун чIана
КIудияб къагIидаялъ.

Нижеца махсароде
Гьикъана Басирида:
- ХIалтIуй къимат кьезейищ
КъватIив вахъарав, Басир?

- Гуро. Охцерги перги
Кваназе вачIун вуго!






Лъиданиги лъачIого,
Лъилго изну гьечIого,
БачIана лахIчIегIераб,
БачIана бецIаб сордо.

Тамахаб бусен тIамун,
Гъури кьижизабула.
ГьодитIа кверал рахъун,
ХIанчIи сасинарула.

ГIурччинхарил кIутIбузде
Пунхъана лъел къатIраби,
ТIугьдузул гIанабазда
БагIараб лъуна расен.






Инсул квартIа босана,
Инсул хъалахъ босана,
Хъала буго гьабулеб
Гьанже дица щулияб.

Сверун солдатал тела,
Кодор автоматалгун,
ГьитIинав вацас хъала
БиххизабунгутIизе.






Сулейман Стальскиясул цIаралда бугеб Дагъистаналъул Пачалихъияб премиялъул лауреат МухIамад Шамхалов гьавуна ЦIумада районалъул Лъондода росулъ. ГьитIинго эбел-эменги хун бесдал хутIарав МухIамадие тарбиягун лъай щвана школа-интернаталда цIалулаго. ГьитIинго бижана гIолиласул рекIелъ адабияталде рокьи. Гьединлъидал школалда цIалулеб мехалдаго байбихьана хъвадаризе. Гьесул макъалаби рахъулаан районалъул ва республикаялъул газетазда. Балугълъуде вахарав Шамхаловасул хъвадаризе бугеб гьунарги бихьун, гьев вачуна республикаялъул «БагIараб байрахъ» газеталъул редакциялде хIалтIизе. МухIамад хIалтIула корректорлъунги, корреспондентлъунги, отделалъул нухмалъулевлъунги. Партиялъул тIадегIанаб школа лъугIизабун хадув лъугьуна «БагIараб байрахъ» газеталъул бетIерав редакторлъун. ГIумруялъул ахирисел соназда хIалтIана «Лачен» журналалда. Литератураялде МухIамад вачIана кучIдузул мажмугIгун. Цинги байбихьана харбихъего хъвадаризе. Гьесул руго «Дир эмен», «БахIарчияб хIамил кIерт», «КIудияв вац», «Гьаб маргьа гуро», «КIкIалахъ бахъараб кьвагьи», «Райкомалъул секретарь» абурал ва цогидалги тIахьал.

## ЦIанищ, чахарищ?

Рашидги Равзатги гьудулзаби руго. Гьел киданиги къацандуларо. Цоцазул ракIхвезеги гьабуларо. Амма цо къоялъ гьезда гьоркьоб цо къец гIадаб жо ккана.

- Дир эбел бищун лъикIай йиго, - ян абуна Равзатица.

- Бищун лъикIай эбел дир йиго, - ян абуна Рашидица.

- Гуро, бищун лъикIай дир йиго!

- Дир бищун лъикIай йиго!

КечI гIадин, ахIулел рукIана кIиязго гьел рагIаби. Лъаларо, кида гьезул къец лъугIизе бакIарабали, Рашидица маслихIат гьабичIебани.

Гьес абуна:

- Бищун лъикIай йиго дурги дирги эбел.

Гьелда разилъана Равзатги. Амма гьелъ абуна:

- Дуца кумек гъабуларо эбелалъе.
- Дуцаги гъабуларо.
- Гъабула, гъабула. Лъел цIезеги дун уна. Бече бачинеги дун уна. ГIанкIуялги дица кваназарула.

Рашид ургъана, ургъана. Амма жинца эбелалъе гъабулеб кумек ракIалде щолеб букIинчIо. Гьереси бицинеги бокьун букIинчIо.

- Дица эбелалъ абурабго мегIер бацIцIуна, - ян абуна гьес.

Равзат елъана.

- Гьеб кумекцин гуро, - ян абуна гьелъ. Рашидил тIокIаб абизе жо букIинчIо. Гьелдалъун лъугIана къец.

Нахъисеб къоялъ Равзат Рашидихъе ячIана. Гьел радал кваназе хIадурлъулел ругоан.

Рашидида ракIалде щвана сон жидерго букIараб къец. Гьесие цIакъ бокьун букIана эбелалъе кумек гьабизе. Щиб гьабилеб? ургъана, ургъана. РакIалде щвана.

- Дунги эбелалъул кумекчи вуго, - ян абуна Рашидица. – Гьале бетараб рахьдалъе дица чакар бала. Дуда лъалищ, чакар бараб мехалъ, кигIан гьуинаб гьеб букIунебали.

Рашидица гьираялда цо-цо стаканалъубе цо-цо гьуд цIураб жо ккезабуна.

ГIамал кIодого абуна гьес эбелалда:

- Баба, дица кумек гьабулеб буго.

Эбел Рашидихъ ялагьана.

- Жеги беркIал чуричIого мун щибулев? – ан абуна гьелъ. – Чорокал лъималазе дица квен кьоларо.

Рашид,векерунун,гьумерчуризелъугьана. Амма цо лъинги речIчIизабун вачIана. Нахъеги витIана эбелалъ Рашид гьумер чуризе.

Эбелги, эменги, Рашидги, Равзатги кваназе гIодор чIана. ТIоцебе рахь кIалдибе босана Рашидица, хадуб Равзатица. Гьел цоцахъ ралагьана. Гьаб кинаб рахь? Гьадинаб рахь Равзатица киданиги гьекъечIо, Рашидицаги гьекъечIо. Гьесие бокьун букIана: «Бихьулищ, дица чакар бараб мехалъ, гьуинаб бугеб куц, - абун



пударизе... Амма гьев вуцIцIун чIана. ЮцIцIун чIун, гIодоб лъуна Равзатицаги стакан.

Инсуца стакан кодобе босана ва хехго гIодоб лъуна.

- ВахI, рахьни цIакъаб бихьула дур жакъа, - ян абуна гьес. – ТIокIаб жого букIинчIищ гьалда гъорлъе базе?

Рашид разиго валагьана Равзатихъ. Бихьанищ, инсуца абуна рахь цIакъаб бугилан.

Амма эбел тамашаго ялагьана.

- Щиб дуда рахьдалъ батараб? - ан гьикъана гьелъ. Эбелалъ кодобе босана инсуца гIодоб лъураб стакан.

- Щиб рахьдалъе балеб?

Эбелалъ рахь кIалдибе босана. БетIер гьанкIезабуна. Гьелъ хал гьабуна цогидал стакабахъ бугеб рахьдалги. Йиххун хутIана.

- Дуца гурищ чакар босараб? – ан абуна эбелалъ. – Эбелалъ чакар жаниб бугеб кIуни босун бачIана. КIалдибе босана.

- Месед гIадаб бацIцIадаб чакар буго, - ян абуна гьелъ, тамашаго инсухъги ялагьун. – Гьаб щиб хIикмат?

Рашидида бичIчIана жиндир кумек битIун ккун гьечIолъи.

- Дица гьаниса бана, - ян абуна гьес, цIан жаниб бугеб кIуниги бихьизабун.

- Дуе щай букIараб, бетарарахьдалъе цIан базе?

- Дуе кумек гьабулев вукIанаха, баба. Равзатицаги гьабула эбелалъе кумек.

Эбел елъана. Инсуца абуна:

- Равзатица гьедин гьабулеб батилароха, дир вас.

Эбелалъ васасул бетIералда квер бахъана:

- КIваричIо. Кумек гьабизе ракIалде щвейги лъикI буго. ругьунлъиларищ...






**Сулейман Стальскиясул цIаралда бугеб пачалихъияб премиялъул лауреат, шагIир, хъвадарухъан, драматург ГIабдулмажид Хачалов гьавуна Гъуниб районалъул Сугъралъ росулъ. ЛъугIизаруна КПССалъул ЦКялъул партшколалъул курсал, заочно цIалун лъугIизабуна Москваялъул Литературияб институт.**

**Гьев ккола КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи. ГIумруялъул соназда ГI.Хачалов хIалтIана мугIалимлъун, КПССалъул Гъуниб райкомалда, республикаялъул «БагIараб байрахъ» газеталъул жавабияв секретарьлъун, «Гъудуллъи» журналалъул литературияв хIалтIухъанлъун.**

**1956 соналда шагIирас Дагъисталъул тIахьазул издательствоялда къватIибе биччала «Устарасул сайгъат» абураб кучIдузул мажмугI. Хадусел соназда гьенирго рахъана «Балъголъи», «МугIрузул нухазда», «Рихьуларел лъалкIал», «Хваразул цIаралдасан», «Дида кьижизе кIоларо», «Аманат», «ЦIар лъаларев рагъухъан», «МоцIроде воржин», «ЦIудул бусен», «МагIарул маргьаби» гIадал ва цогидалги тIахьал. Гьев ккола гьединго республикаялъул аваразул муздрамтеатралъ лъурал чанго пьесабазул авторги.**

## Щиб киве инев?

**Школалда цIали лъугIи,**
**ЦIумур кьабгIун, лъазабуна.**
**Лъимал руго бахIс гьабулел:**
**Кире инел, щиб гьабилеб?**

**Гьезул щивас, цIар-цIар абун,**
**Рехсана жал унел бакIал:**
**Унсоколоре, Сугъралъе,**
**ГьоцIалъе ва Гъумекире.**

**- Унсоколоб кинаб махщел**
**Щвезе дуе бокьун бугеб?**
**- Ишан кьабун, тIил къачIазе,**
**Накъищазе ругьунлъизе.**

**Жуламалъул тIагIелаца**
**ГIадамал рохизаризе.**
**- Щиб гьабизе мун Сугъралъе,**
**Сунде дова ругьунлъилев?**

- ГамачI бекIкIун, къед гьабизе,
Къебелъухъ махх лъадаризе.
МагI къотIани, жал ссунарел
Хунжрул, нусал гьарун кьезе.

- Дуда ГьоцIалъ щиб бихьилеб,
Сундул тIокIлъи доба бугеб?
- ГIарацалда месед бекьун,
Баргъич, курхьен гьабула доз.

Бисил, оцол лълъарги босун,
Сурат гIадин, къачIала доз.
- Гъумекдерил гьунар кинаб,
Гьезул махщел лъикIаб бугищ?

- Кварида тIад, тIил гьечIого,
Гьаваялда расандула.
Гъалай биччан, парчи, гIеретI
МатIулъун кенчIезабула.

- Мун хутIана, тIаса бище,
Щиб гьабилеб, киве инев?
- Дун вукIина дирго росулъ,
Ахал гьарун, хурзал рекьун.

Хухал, бачал гIезарила,
ГIадамазе гьан, рахь щвела.
Гьел лъималаз лъикIаб хIукму
Гьабун буго, баркала, рецц!



# ЛЪАЛЪАДУХЪАБИ



- Рилълъа, лъимал, лъарахъе,
ХIор къазе, рахъ гьабизе.
- Нилъей рахъ щиб гьабизе,
Гьобо базе хиялищ?

- Хурзал ракъвалел руго,
Къечон бахчаби руго.
- Гьедин батани рилълъа,
Лъалъадила, чвердела...

Цинги матIу гIадинан
Бакъалда кенчIолаго,
БацIцIадаб цIорораб лъим
Рахънисан бекерана.

# ХӀасан ХӀабибов (1944)



ХӀасан ХӀабибов гьавуна Хунзахъ районалъул Гиничукь росулъ. Хъвадаризе байбихьана Советияб Армиялда хъулухъ гьабулеб заманалда. Гьелдаса нахъе гьесул кучӀдул рахъана «БагӀараб байрахъ» газеталда. «Гьудуллъи», «Лачен», «МагӀарулай» журналазда. Басмаялда рахъана «ХӀелеко», «Дир галаби», «Недегьаб гьими», «Таршихъа щиб билараб?», «Гъудулзаби», «Киназего бакъ» абурал тӀахьал. Гьес лъугӀизбуна Москваялъул М.Горькиясул цӀаралда бугеб Литературияб институт.

## ЧотӀахъан

Дун гьитӀинав чи вугеб мехалъ нижер букӀана цо хъахӀаб чу. Гьеб букӀараб гӀамал берцинаб чуха! БитӀахъе бицани, гьелда лъималазул мацӀ, эбелинсуда гӀадин, лъикӀ бичӀчӀулаан.

Эмен сордо балеб бакӀалде унеб мехалъ гьес чу диде аманат гьабун толаан.

- Воре, дир вас, радал-бакъанидаги чу гьекъезабичӀого тоге. Гьелъие кӀалцӀи-хер бай. Дица мун гьелда рекӀун хьвадизе ругьун гьавизе вуго. Дур лъугьине ккола лъикӀав чотӀахъан.

«Кинав чотӀахъан лъугьунев жеги хӀамидагицин рекӀинчӀев дир», - ан ракӀалде кколеб букӀана дида.

Цо нухалъ эмен жиндирго хъулухъалъ машинаялда росабалъе ана. Чу гьес рокъоб тана. Дун радал хекко тӀаде вахъана. ТӀокъода магӀида бан букӀараб кӀалцӀи балеб таргьа, бащалъуде бахинабун пурчӀинадулги цӀун, дун чода цеве щвана. Гьеб, рорхизарун гӀундулгун, дихъ балагьун чӀана. Дун вихьаравго цо гьеб бохараб куц бихьизе лъикӀан нужеда. Жиндирго щинкӀилалъ гьеб гӀодоб бакӀ бухъизе лъугьана. Цинги, эхеде бетӀерги борхун, тагьидул гӀадаб ракӀ гурхӀилеб хӀалалъ хӀихӀидана. Дица гьебсагӀат гьелъул кӀалдиб таргьа бана. Эхе-эхеде рехулаго таргьагун кӀудияб гьираялда кӀалцӀи кваназе лъугьана...

Росдал къватӀахъан унаго чу дица хадуб цӀан бачунеб букӀана. РакӀалъ нахъасакъотӀичӀогогьарулеббукӀана, данде цониги чи ккогегиян. Нечон вукӀана дун, щай гурелъул, хадуб цӀан бачунеб чу лъиданиги бихьичӀого букӀине. Хадуб цӀан чу бачин дида ракӀалде кколаан ничаб жолъун, хӀинкъарав чиясул гӀамаллъун.



ГІадамаздаги гъедин ракІалде кколеб букІун батилилан кколаан дида.

Дир талихІкъосин гІеларищ, битІахъе къватІ хисулеб бакІалде гьойда данде гІанкІ гІадин, вугоха дандчІвалев дир гъудул ГІисалав. Дие гьев вихьизе рекІее гІечІеб куц.

- Щай тІад рекІунарев? – ан абуна гьес, данде щвелалдего вохуца холаго, квачаялъ билбагІарлъарал квералги цоцада лъулъазарулаго.

Дун абизе жо лъачІого хутІана. Дидаги гІайибищха бугеб, гІелбащадав чияс гьабизехъин бугеб жо лъалеб бугелъул. Гьес абизехъин буго, мун рекІунарев ватани чу жиндихъе кьеян, мун хІинкъун ватани дун хІинкъулароян.

- Мун хІинкъулев вугилан ккола дида, - ян абуна ГІисалас кІудияб пахрулъиялда. – Бихьея цо дихъе кьея чу, дудаго цо чотІахъан вихьун вукІине.

- Огъо, цо кутакав чотІахъанасухъ балагье! – абун рагІана нижеда нахъасан цо гьаракь. Дида дирго гъудул ХІайбулагьил гьаракь батІа гьабизе лъана, гьесда берчІвалелдего.

- Щиб, бажариларинищ хІинкъун вугев мун, ХІайбулагь? – ан абуна ГІисалас, добцебегІадинчІухІунгуреб, цодагьав гІодове виччан хІеренго.

- Дида ракІалда бугин, ГІисалав, рии бакьулъ никІкІица Хъатунил хІамаги хъамун, мун цо гъогъол гохІда гІодов лъураб куц, - ан гьоркьов къотІизавуна дица. – Гьанже, гьудул ГІисалав, хьондаса гІодобе киса-кибего лъарахъе щвезегІан сухъмахъ нухдасан тІеренаб цІорол хъал чІван буго. Нагагь чол хІетІе хъуштІани, мунги гьебги тІаса гъоркье гидал бан ине руго. ГьедигІан нилъго нилъецаго реццизе бегьуларо.

- Гьебги добги доб рахъалдейин, дие кІудадаца гьарун ругел цІакъал чанагъал! – ан вохуца холаго бицине лъугьана ХІайбулагь. – БитІахъе бащдаб росдал лъимал тІад рекІине бегьулел жалин гьел ругел...

ГІодовеги къулун, пашманго хадубцІан чугун унев вукІана дун. Дир-

го чода рекIине гьечIеб гьунаралдаса цIакъ рекIекълъун вукIана дун. Ругьун гьавизе ккола эмен вачIаравгоян ракIалъ тIокIаб чIечIого такрар гьабулебги букIана.

Квеш-лъикI дун лъарахъе щвана. Гьелда тIад бицатаб цIер чIван бугоан. ЦIорокьан чвахулеб лъел чилчили рагIулеббукIана. ЛъаралрагIалдегIан гвенд ккараб гIадаб бакIги тIаса бищун, ганчIица бухун тIагъургIанасеб каратIги бахъун, дица чу гьекъезабуна.

«Пайда щиб гьанже цо эхедераялъгIаги айгъиралда рекIине кIолебани», - ян хIисаб гьабулеб букIана дица.

Бакъ къалъуде гIагарлъулеб букIана. Хьонлъул рахъ букIиналъ батизе ккола, багIарал гIебса речIчIулел чIоразда гIазул тIеренаб хъалгицин биинабизе кIолеб букIинчIо. ГIисинал иццазда тIад чIвараб цIер бакъуде данде, матIу гIадин, паркъелеб бихьулаан.

...Гьедин унел рукIана дир хасалил каникулалъул къоял. Амма ГIисаласдаса балъго чанги ана дун сардилъ, чуги бачун, ТIалъагIариб майданалде ругьун гьавизе.

Дие бищун захIматаб жо букIана чоде вахине. Гьединлъидал гьеб, рекIун вахъинегIан, кьурул хъинсикье бачине кколаан. Дагь-дагьккун ругьунлъана...

ТIаде щвана маялъул байрамкъоял. КIиабилеб къоялъ чуял риччай букIана. Кьерда чIезарурал чуязда гьоркьоб дир нодохъахIги букIана. Гьеб къоялъ гурони лъачIо дир гьудул ГIисаласда ва росдал гIадамазда дун чода рекIине унго-унголъун ругьунлъаравлъи. Дир чу цебе кколеб бихьараб мехалъ, киназулго ахIи бахъунаан. Гьале тIарамагъадисеб свери... Дун бищун цеве чIалде щвана. Гьеб мехалда дир букIараб цо рохелха! Росдал ясаз чуялъул гарбида гормендаби рухьана, дунилан абуни гIолохъабаз гIодов хъвазе толарого, эхе-эхеде рехулев вукIана...






Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, поэт ва публицист МухIамад Хириясулаев гьавуна гьанжесеб Шамил районалъул Зивуриб росулъ. Хъвадаризе байбихьана школалда цIалулеб мехалдаго. Хириясулаевасул тIоцересел кучIдул рахъана «БагIараб цIва» абураб районалъул газеталда. Хадуб гьесул цIар машгьурлъана «БагIараб байрахъ» газеталъул ва «Гъудулъи» альманахалъул цIалдохъабазе. Дагъистаналъул учпедгизалъ къватIибе биччана «ДандчIвай» абураб Хириясулаевасул тIоцебесеб тIехь. Гьеб «ДандчIваялъ» магIарул адабият бокьулезе лъикIаб асар гьабуна ва гьез гьеб тIехь ракIракIалъ къабулги гьабуна. Гьелдаса хадуб, батIи-батIиял соназда Москваялда ва Дагъистаналда басмаялда рахъана «Ихдалил бакънал», «Рогьалил щуб», «ГIазул хIулаби», «Бакъул гьими», «Жакъа кинаб рогьел», «Нижер азбаралда цIваби», «Халкъалъе кьураб гIумру», «Авар гIор» абурал ва гIемерал цогидалги тIахьал.

ГIолохъанал соназда МухIамад хIалтIана ЧIикIаб ГЭС балеб бакIалда. Москваялда М.Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институт лъугIизабун хадуб гьев хIалтIана ДАССРалъул радиокомитеталда мухбирлъун, цинги редакторлъунги. «Гъудуллъи» альманахги къан, гьелъул бакIалда «Гъудуллъи» журнал рагьидал МухIамад Хириясулаев хIалтIана гьеб журналалъул тIоцевесев редакторлъун. Гьенисан МухIамад вачана Дагъистаналъул киналго мацIазда бахъулеб «Лачен» журналалъул жавабияв секретарьлъун. Гьелдаса хадуб гIуцIана «Лаченалъулги» «Гъудуллъиялъулги» цогояб редакция. МухIамад Хириясулаевасда тIадкъана гьеб редакциялъул бетIерав редакторасул заместителасул хъулухъ.

ГьабсагIаталда МухIамад хIалтIулев вуго «Лачен» журналалъул редакторлъун.

## МоцI гьитIинлъулеб буго

МоцI гьитIинлъулеб буго,
МоцI тIеренлъулеб буго,
Унго кинандай дора
Комонавтал рещтIинел?

# Дир кету



НижергIан лъикIаб кету
Кибниги батиларо,
Квер дица босулаго
Басандизе кIанцIулеб.

Гьеб гIадинаб хIеренаб
ХIинчIгицин букIинаро,
ХIулиги гьелъул расги
Расги батIияб гьечIо.

Байданалде дун индал
Эб цадахъ бекерула,
Кваназе лъугьаниги,
Лъурлъудизе бачIуна.

БукIаниги кIваричIо
ЧIалгIинаро дида гьеб,
ЧIалгIуна гьеб гьечIого
Дунго хутIараб мехалъ.

# Эбелалъул рагIи



Эбел, дургIан гIакъилаб
РагIи гIумруялъ лъачIо.
ГIумру дагъаб баниги,
Гьеб гIадинаб рагIичIо.

Гьеб рагIи рагIарабго
ГIурччинлъула дир хасел.
Харилъан тIугъдул раккун,
КенчIола цебе дунял.

Дур рагIулъ – бакъул канлъи,
Дур рагIулъ – цIадул хинлъи,
Дур рагIулъ – моцIрол кунчIи,
Дур рагIулъ – гIумру бичIчIи.

# Эменги рогьелги

Ролъул хурир дандчIвала
Дир эменги рогьелги,
Гьев тракторист кколелъул
Киназего машгьурав.

Инсуца барти гIадин
Беэдула машина,
Дир ботIрода кинигин,
Квер бахъула хIеренго.

Инсуда дандчIвазейищ
БачIун букIараб рогьел?
Гьес мотор боркьарабго
Кьижизе ана жибго.



# КIанцIун зодибе ана



Ралъдал карачелабаз
Цоцахъе гирулаго,
Гургинаб моцI бачIана
МаркIачIулъ рагIалдегIан.

Цинги гьеб ралъдада тIад
ТIадагьго басандана...
ТIаса лъинги кIобокIун
КIанцIун зодобе ана.




Сулейман Стальскиясул цIаралда бугеб пачалихъияб премиялъул лауреат М.Сулиманов гьавуна Хунзахъ росулъ. 1938 соналъ гьес лъугIизабуна педагогиялъулаб училище, хадув хIалтIана школазда учительлъун. ВатIаналъул рагъул соназда Сулиманов вукIана фронталда. Рагъулъ бихьизабураб гьунаралъухъ гьесие кьун руго «ВатIанияб рагъул 1 даражаялъул» ва «БагIараб цIва» орденал.

Гьев хIалтIана газеталда, радиоялда.

1954 соналъ гьес лъугIизабуна М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институт. Гьесул рагъулал харбазул тIехь тIоцебе къватIибе биччана 1947 соналъ. Сулимановас хъвана кучIдул, харбал, пьесаби. Бищунго машгьурал ккола «ЧIегIераб нохъо», «Сулахъ – гьалагаб гIор» къисаби, «Огниялда» абураб роман ва цогидалги асарал.




ЦIалул сон лъугIана. Махсуд кIиабилеб классалде вахъана. Ругьунаб ахIи-хIур къотIана. Партаялда лъагIалица цадахъ йикIарай мадугьал Маржанатги кIодоца ячун ана.

Гьанже сунде вуссинев? ЭменгIаги рокъов вукIаравани рекIелгъей камилароан. Амма гьев магIарда гIияда вукIана. КъанагIат гурони эхевеги вачIунароан.

ЧIалгIен захIмалъарав Махсудица инсуда хадув ине хIукму гьабуна. Амма эбелалъ виччачIони? ГIи рикIкIада буго. Кьерхарал зобалги роцIунелго гьечIо. Нухдаги – керчаб рохь, рекIкIаб лъар, кьураби, хъитIал.

ВиччачIони – лъутила!

Амма лъутизе ккечIо. Гьасул рагъаракари бихьарай эбел гьимана. Гьебги изну кьеялъул гIаламат букIана.

- Мун гьанже лъимер гуро, амма нухда цIодор вукIа, - ян абуна эбелалъ квенги, росасе хисизе бацIцIадаб гъоркьанретIелги гьасул таргьиниб лъолаго.

Махсуд радакьго сапаралъ вахъана, нагагь хIажалъаниян, тIогьиб хечI чIвараб тIилги босана.

Къалъуде гьав, рохьги лъугIун, лъарахъе щвана. ТалихIалъ, гьеб гьедигIан щун батичIо. Амма хIабур-

гъараб лъим чIедерабго кьодухъе бахунеб бугоан. Росун унел ганчIазул гун-гун, дум-думги рагIулаан.

Лъар бахун добехун сухъмахъ кIкIалахъе сверана. Кьураби квегIидехун хутIана. КIиго цIум доба тIарада тIавап гьабулеб бугоан.

Махсуд бакълъудехун сверана. Гьанже нух магIардехун унеб букIана. Кивниги лъалхъичIолъиялъ, гьав лъикIаланго свакана. Ракъиги ургьиб хIенчезе лъугьана. ГьитIинабго иццги батун, гьав кваназе рещтIана. Гьанже рохьги, кIкIалги, кьурабиги хъатинир лъурал гIадин рихьулел рукIана. Зодихъ жидерго ругьунаб тIавапалда кIиябго цIумги букIана.

Цояб цIум, дандеялдасаги батIалъун, цинтIаго куркьбалги ракIарун, Махсуд вугеб рахъалдехун хьутIун бачIинеб бихьана. Гьанже гьеб гургинаб чIегIераб гьорчоялда релълъунаан.

ЦIум гIадамасда тIад речIчIулареблъи Махсудида лъалаан. Амма гIалхул рухIчIаголъиялда кин божилев? Щиб кканигиян, хъата-масан гьас хеч чIвараб тIил хIадурана. ГьебсагIат бихьараб цоги ишалъ тамашалъунги хутIана: гъоле лъутулеб гIанкI...ТIаде щолеб цIум...

Махсуд гьакIкIан хутIана. Гьадинаб сурат киданиги бихьун букIинчIо.





БорчIунгутIи лъараб гIанкI занкана, катихъего чехьатIаде бегана. ГьебсагIат гIажаибаб хехлъиялда гьелъул квачIал хьвагIезе лъугьана. ХIули рахъ-рахъалде боржана. Ахир тату хвараб цIум гIанкIидаса батIалъана. Тушман рекIеда батилалде гIундулхалатги цебеса тIагIана.

ЦIум багъарулеб гьечIоан, чIахIиял куркьбалги гIебеде ритIахъе ругоан, гьакIкIараб гозоялъусан баккун тIеркIолеб мацIги бугоан.

Махсуд хIинкъадго цIудухъе гIагарлъана. ГIадан вихьарабго гьеб рекIетIе бачIана. Боржине гьесана, амма кIвечIо. ЦIумги тохлъизабун, Махсудица жиндирго пиджак гьелде тIаде рехана, тIад живгоги речIчIана. Лъукъараб цIумги баччун Махсуд кватIичIого гIияде щвана. Ккараб иш инсудаги бицана. Балагьидал, цIудул мегьед гIанкIил гIисинал малъаз бидухъ бан бугоан. КIиго бакIалдаса багьизабун мукъурги бугоан.

Инсуца цIудул ругъуналда йод бахана. Лъабго къоялъ цIудуца я гьан, я лъим кIалдибе босичIо. Ункъабилеб къоялъ хIатIида бухьараб кварги тIезабун, тIагIун батана.

Анкьидасан Махсуд эхеве вилълъана. Кьурабалъе щвараб мехалъ зодоб кIиго цIумги бихьана. Амма цоялъул боржин цебе гIадаб чIухIаб гьечIоан, хIатIида кварил кесекги далун бугоан.




Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан ТубхIат Зургъалова гьаюна Гъуниб районалъул БацIада росулъ. Бергьенлъиялда лъугIизабуна росдал гьоркьохъеб школаги, хадуб Дагъистаналъул пачалихъалъулаб университеталъул филологияб факультетги. ТубхIат хIалтIана Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъул магIарул редакциялда корректорлъун. Гьелъ авар адабияталъул дарсал кьуна жийго цIалун яхъараб факультеталдаги. Хъвадарize бугеб пагьму-гьунарги хIисабалде босун, гьей йосана Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъун. ГьабсагIаталда ТубхIат хIалтIулей йиго Дагъистаналъул Литературиял журналазул редакциялда жавабияй секретарлъун.

Дагъистаналъул тIахьазул издательствабаз басмаялда рахъана: «Баргъич», «Дир жергъен», «Эбелалъухъ чIвараб чIегIераб дир кIаз», «Дир гьайбатаб алипба» абурал тIахьал.

## КIиго къегIер – кIиго игиз

КIиго къегIер – кIиго игиз
Иргаялда дагIбадана:
«Баба - дир!» - ин аб ахIдана,
«Гуро, дир!» - ин доб гIодана.

ГIарахъалда нахъа рукIун,
Рагъ-кьалалда игзалги тун,
Эл рихьичIев вехьас рехъен
Рокъобе хъамун батана.

НакIкIаз зоб бахчараб мехалъ,
Лъавуде рачIарал игзаз
«Эб-э-э-л!» - ин цадахъ ахIана,
АхIмакъаб дагIба кIочана.

КIиябго бац, кIиго къегIер,
Рохун, цоцада хурхана.
КIиябго цадахъ букIиналъ
Рокъобе нух бигьалъана.



# Циги, гIункIкIги, гIужрукъги



Бехъерхъун тIоргун – гIункIкIги
Рохьилпихъгун – гIужрукъги,
Къоялъ цого-цо нух ккун,
Цин уна, цин руссуна.
Ракъварал, тIогьиллъарал
ТIанхазул хъваши чIалгIун,
ГъотIокь гъапуллъараб ци
Гьезда ццидалъ букIуна.

ГьитIичаз моцIу гIадин,
Жиндирго квачIги хахун,
Хаселго кьижун унеб
Алда гIайиб щиб? Амма
ГIонкIкIол ражихинкIазул,
ГIужрукъил мурападул
Рохьго борчIулел махIаз
ХIацIу гьелъул чвахила.

# РейхӀемаматги бечеги

Бече гIодулеб буго,
ГIака аскIоб гьечIого.
Гьелда гурхIарай ясалъ
Щурун абулеб буго:

- Вай, дил гьитIинаб бече,
БачIина эбел хекко.
Дуе лахьги босун, гьеб
Бекелун щвела локъоб.

Хадуб ясалъ недегьго
Бачил нодо лъухьана.
БотIродасаги бахъун,
ЧIинчIуги гьелда чIвана.

Балагье цо духъгойин,
МатIуги босун, щвана.
Бече буссинабизе
Рес батанин йохана.

Бачил тIеренал кIутIби
ТIеркIезе байбихьана.
Дида гIундул гьечIищан
Щакдаризе лъугьана.

Жибго жиндаса хIинкъун,
Нахъе-нахъе билълъана:
Бачаздаги релълъинчIин,
Бабадаги лъаларин.

ХIинкъуге, дил меседин,
ЧIинчIуги бахъун телин,
Балагье нахъойгиян,
Ясалъ матIу бихьана.

ГIундул эхетун чIедал,
Бече бохараб куцха!
Куц-мухъ рекъон бихьидал,
Берал кенчIарал куцха!





# ХIажи Гъазимирзоев (1927–1994)

СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул член ХIажи Гъазимирзоев гьавуна Хунзахъ районалъул БакьагьечIи росулъ. Росдал школа лъугIилалде лъугьана гIагараб росдал колхозалъул вехьлъун хIалтIизе. Риидал рехъенгун ЦIоралъул мугIрузда вугеб мехалъги хасало лъарагI авлахъалда вугеб мехалъги гьоркьоса къотIизе течIо гьес кучIдул хъвай. Гьесул асаразулъ якъинго бихьула вехьасул захIматаб хIалтIиги гьесул бахIарчияб гIамал-хасиятги. ХIажие машгьурлъи щвана гьунар тIокIав кочIохъан Даку Асадулаевас ахIараб «Гуржи меседу», «Яхунге Гогил яс ГуржимагIарде», «Унге ясал магIарде» абурал ва цогидалги кучIдузул баракаталдалъун. Гьебго заманалда Дагъистаналъул издательствабаз къватIире риччана «Бисазул сухъмахъ», «КIиго чIчIва», «ДандчIвай», «Вехьасул бакънал», «Нух битIаги», «АхIмадил анищ», «Вехьасул рокьи», «Дир мугIрул», «Нухал» абурал тIахьал.

ХIажида кIочонароан лъималазе асарал хъван гIисинал магIарул васал ва ясал рохизаризе. Дагъистаналъул цIалулгун педагогияб издательствоялъ басмаялда рахъарал тIахьал лъикI къабул гьаруна нилъер лъималаз.

## ЧанкIкIарал тIанчIи



Къурущ буго хIалакун
ХIорил рагIал сверулеб,
ХIули берцинал гарал
Лъадалъ гъанкъизе гурин.

ТIанчIазе ургъел гьечIо,
Рукъула, къарукъула,
Къуркъбузде чан гьабулел
Чвархъиялда лъелъ руго.

КъукIдула гъарим къурущ,
РощногохIтIе рилълъаян.
Хъирщадизе лъаларин
РачIунаро къватIире.

Къурщида лъалеб гьечIо
ТIанчIи ордекал рукIин,
Гьеб пашманлъулеб буго,
ТIанчIи чанкIкIарал лъугьун.

# ХIама

Маххул чармил гурелъул,
Херлъун бугила хIама.
ГIумруялъ хIалтIулаго,
ХIулун ругила хьалбал.

ГьагIдейги доб накъитги
Заман байдал танила,
Заз тIезе кIолеб къуват
ГIус-кIалалъул гьечIила.

КIодо къварид йигила,
Къанин жиндир талихIан.
КIуди пашман вугила,
Гьабихъе кин иневан.

Басралъараб машина
Ремонталъе битIулин,
ХIамаги битIейилан
Вугила Гелегалав.





# БацI

БацI тирияб, лебалаб
Зарал кIудияб хъачагъ,
Хъамизе жо щвечIони,
Макьу щолареб цIогьор.

БацIил зарал лъалареб
МагIишат батиларо,
Гьелъ чахъу, кьегIер чIвачIев
Вехьги данде чIваларо.

Хъамиги рекъон гьечIо,
Бикъиги сурун буго,
Амма бацIица тIанчIи
Хьихьизе кколел руго.

# Къалда руго



Чадил макъар бикIулеб
Цо къадкиде чанги къан,
Чахьалда хъурщун кету
ТIаде щолеб букIана.

Рехараб чIор гIадинан,
РечIчIун цо цIимиркIоялъ
Къадако малъазги ккун,
Гьаваялде босана.

Гьедин бигьаго дуца
Дир чан бикъиларилан,
ПиригIан хехго кету
ЦIимиркIода хурхана.



# РагIикъотIал

## № 1

Суалал: 1. ГъотIодаги тIехьалдаги букIуна гьеб? 2. Гьуинаб нигIмат? 3. Нилъер кIудияв поэтасул цIар? 4. Музыкалияб алат? 5. Кванил нигIмат? 6. Музыкалияб алат? 7. ГIоразда хIоразда букIунеб транспорт? 8. ГI.Хачаловасул пьеса? 9. БацIадаса поэтессалда цIар? 10. Рукъалъул чIарбида тIамула гьеб? 11. Дагъистаналъул гIор? 12. ХIикмалъи? 13. Гелбахъ росулъа поэтасул цIар? 14. Расен? 15. КIаз? 16. Гамил тормоз? 17. Инсанасдаги мацIалдаги цIар? 18. Маргьабалъа багьадур?



## № 2

ГIебедеги гIодобеги:
1. КIудияб хабар?
2. ЯхI, намус?
3. Бетон гьабизе хIажалъула гьеб?
4. Мурад?



## № 3

ГIебедеги гIодобеги:
1. Рукъалъул хIайван?
2. ТIоцевесев авараг?
3. ТIохде рахунеб алат?
4. ДугIаялъул ахиралда абулеб рагIи?

# КIудияб ками



Дагьав цевегIан соналъул нагагьаб балагьалдалъун хвана «Лачен» журналалъул гьудулги гьелъул хIалтIухъанги, Дагъистаналъул машгьурав художник-график Анатолий Нестерович Шарыпов.

Анатолий Шарыпов гьавуна 1934 соналъул 16 июлалда Свердлов областалъул Полевской шагьаралда.

1953 соналъ вачIана Дагъистаналде, 1976 соналда лъугIизабуна Москваялъул Полиграфиялъул институталъул графикаялъул факультет. Анатолий Шарыпов вукIана СССРалъул Художниказул союзалъул член, Дагъистан АССРалъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб республикаялъул премиялъул лауреат. Гьесул хIалтIаби цIунун руго Россиялъул Художественнияб фондалда, Дагъистаналъул П.С.ХIамзатовалъул цIаралда бугеб музеялда. Гьел гьединго лъун рукIана Москваялъул, Ленинградалъул, Ростовалъул, Ставрополалъул, Краснодаралъул, Нальчикалъул, гьединго къватIиса хIукуматазул – Монголиялъул, Германиялъул, Австриялъул выставкабазда.



Анатолий Нестеровичас «Лачен» журналалъе суратал рахъана гьеб гIуцIаралдаса нахъе. Харбазегун маргьабазе, гьес бахъун лъугIараб сураталда рухI бижулеб бугин кколаан. Гьесул хIалтIабазе хасиятаб букIана гьунаралъул бегIерлъи, лъималазул берал кенчIолеб хIалалда, гьезул гIелги гьезул ракIалги ричIчIизе бажари, живгоги маргьабалъа сихIручигIанги, лъималазда вихьизе анищав, амма гIажаибаб дуниял гьезда цебеги тIибитIун, тIагIун унев, тIадегIанаб махщелалъул художникасул хъатI.



Дагъистаналъул киналго миллатазул гьимигун махсараги, ретIа-къайгун къуватги – кинабго цIакъ ракI тIаде цIаледухъ цебе лъолаан гьесул суратаз. Гьес рахъаралщинал гIадамазулги, лъималазулги, хIатта рухI-чIаголъабазулгицин гьимиги, гьезул гьурмаде хасиятаб рекIел лъикIлъиги кIочонароан «Лачен» цIалулелщиназда. Гьев вукIана лъималазул кIудияв гьудул, гьезие хирияв художник.

«Лачен» ва «Литературияб Дагъистан» журналазул редакциялъ ракI-ракIалъулаб зигара балеб буго Анатолий Шарыповасул гIага-божаразда. Анатолий Шарыпов, гьес лъималазе рахъарал рикIкIен гIемерал сураталго гIадин, кидаго хутIила гьесул гьудулзабазул, цадахъ хIалтIаразул ва гьесул гьунаралъегун махщелалъе мустахIикъаб къимат кьолелщиназул ракIазулъ.



Соколёнок
ISSN№0203 - 3682
# Лачен
6/2014
ноябрь - декабрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель
Правительство Республики Дагестан.

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистр. номер ПИ№ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
Мурад Ахмедов

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
М. ХИРИЯСУЛАЕВ (редактор выпуска)

Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера М.Муталибов
Художник обложки А. Шарыпов

Выход в свет 28.10.2014 г.
Тираж 1742 экз.
Заказ № 156

Типография: ООО «Издательство «Лотос».
Адрес типографии: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Пушкина, 6.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»
Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык
Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.